Lèt "No Child Left Behind" (NCLB) pou Fanmi

3 novanm 2011

Chè Paran/Reskonsab Legal:

Lwa Federal mande pou Distri Lekòl Piblik Cambridge (CPSD) pataje avèk nou rezilta pwogrè l nan rankontre objektif *No Child Left Behind* (NCLB) *Adequate Yearly Progress* (AYP). Depatman Edikasyon Primè ak Segondè Massachusetts evalye distri yo anyèlman sou kat (4) objektif: tès patisipasyon, pousantaj diplome lekòl segondè, ak nivo siksè nan li ak matematik pou tout lekòl la ak pou ti gwoup. Distri yo ki rate nenpòt nan kat objektif yo pou de (2zan) oubyen plis ane ap make kòm distri k idantifye pou amelyorasyon.

Rezilta 2011 tès MCAS nou yo endike ke kòm yon distri nou te pase AYP kolektivman pou *English language arts* (ELA) men rezilta yo te diferan pou ti gwoup yo. Konsa, estati reskonsablite NCLB pou ELA se amelyorasyon Ane 2 pou ti gwoup yo. Nan matematik, nou pa t pase AYP pou tout lekòl la ni pou ti gwoup yo. Konsa, nan matematik estati Reskonsablite NCLB nou se Aksyon Korektif.

Administrasyon santral, lidè bilding ak pwofesè yo ap konsantre sou garanti bon kalite enstriksyon pou tout etidyan nou yo - nan mete an pratik nouvo Pwogram Chapant adopte Massachusetts ki enplante nan prensip nasyonal Common Core yo. Nouvo prensip sa yo gen plis egzijans pase avan an, patikilyèman nan matematik e l mande pou tout etidyan vin maton nan konesans espesifik sou foundasyon matematik nan fen chak klas. Pwofesè yo ap travay avèk Depatrman Matematik pou garanti ke tout etidyan yo prepare pou aprann nouvo prensip yo. Distri a ap pilote sistèm Repons Entèvansyon (RE) nan ELA nan kat (4) lekòl. Sistèm RtI a te konsidere pou bay etidyan ki gen anpil difikilte ak defi sipò yo bezwen konsa yo ka pèfòme pi byen. Finalman, CPSD angaje aktivman nan planifikasyon pou enplimante/mete an pratik nouvo pwogram pou etidyan laj 10-13zan ki rele *middle grade*, ak Ajanda Inovasyon an, pou sektanm 2012. Administratè distri a ansanm avèk pwofesè yo ap travay darachpye pou devlopman yon Pwogram Lekòl pou etidyan ki gen laj 10 a13zan avek bi prensipal pou amelyore aprann, eksperyans sosyal, ak rezilta akademik pou etidyan nou yo nan klas 6-8.

Distri Lekòl Piblik Cambridge kontan resevwa lide ak enfòmasyon tout moun nan amelyore kalite edikasyon pou timoun nou yo. Patisipasyon n nan konferans paran/etidyan, rankont Oganizasyon paran/pwofesè (PTO), rankont Konsèy Lekòl, ak aktivite Fanmi Title I se yon rezilta enpòtan pou rive acheve siksè pou tout timoun nou yo.

Nou ka jwenn CPSD *Adequate Yearly Progress Review Summary* nan: http:/www.doe.mass.edu/sda/ayp/2011.

Sensèman,

Jeffrey M. Young
Sipèentandan Tout Lekòl yo